



YAYASAN PENDIDIKAN NURUL FALLAH CIKALONGKULON

SMP NURUL FALLAH

Kampung Cijati, Desa Mekarmulya, Kec. Cikalongkulon, Kabupaten Cianjur 43291
Telp./Fax. (0263) 2311655 - Email : nurulpalahcikalongkulon@gmail.com



UJIAN SEKOLAH BERSTANDAR NASIONAL (UASBN)
TAHUN PELAJARAN 2024/2025

Mata Pelajaran	: B.SUNDA	Hari/Tanggal	: Sabtu, 10 Mei 2025
Kurikulum	: K - 2013	Waktu	: 120 Menit

PETUNJUK UMUM

1. Bacalah basmalah dan berdo'a sebelum anda mengerjakan soal
2. Tulislah nama dan nomor ujian anda pada lembar jawaban yang disediakan
3. Periksa dan bacalah soal-soal dengan teliti sebelum menjawab
4. Dahulukan menjawab soal-soal yang anda anggap mudah

SELAMAT BEKERJA, SEMOGA SUKSES

1. Nu dimaksud girang acara nyaeta ...

- A. jalma nu resep kana acara
- B. jalma anu miboga pancen mingpin lumangsungna hiji acara
- C. jalma anu boga acara
- D. jalma anu miboga pancen ngatur lumangsungna sawala

2. Nincak kana acara salajengna, urang sami-sami dangukeun sambutan anu bade didugikeun ku bapa kapala sakola, sumangga ka Bapa H. Taufik Hidayat dihaturanan ngadugikeun sambutanana.

Kalimah anu diucapkeun ku pemandu acara teh mangrupa ...

- A. kalimah dina pamuka acara
- B. kalimah nganuhunkeun
- C. kalimah dina panutup acara
- D. kalimah pikeun ngahaturan

3. Assalamu'alaikum wr. wb.

Bapa miwah Ibu, hadirin sadaya hormateun sim kuring! Langkung ti payun sumangga urang nyanggakeun puji sinareng sukur ka Gusti Nu Maha Suci anu parantos maparin pirang-pirang ni'mat ka urang sadaya.

Kalimah anu diucapkeun ku panata acara teh mangrupa ...

- A. kalimah dina pamuka acara
- B. kalimah nganuhunkeun
- C. kalimah dina panutup acara
- D. kalimah pikeun ngahaturan

4. Para hadirin, rupina urang parantos rengse ngalaksanakeun ieu acara kalayan tiasa lumangsung lancar, ti mimiti ngawitan dugi ka ayeuna. Kukituna mangga ka sadayana urang sasarengan maos hamdallah wirehna urang parantos tiasa ngalaksanakeun ieu acara sasarengan kalayan lancar, Alhamdulillah. Mugi urang sadayana tiasa tepang deui. Wassalamualaikum wr. Wb

Caritaan panumbu catur di luhur teh pikeun ...

- A. ngucapkeun nuhun ka panyatur katut ka para pamilon

B. muka sawala / diskusi

C. ngarangkum sacara umum inti presentasi

D. nutup sawala / diskusi

5. Baba/ibu guru sareng rereancangan sadaya, sim kuring bade anggota kelompok dina ieu sawala.

Kecap anu merenah pikeun ngeusian titik-titik dina kalimah di luhur nyaeta ...

A. ngadugikeun B. Nunjukkeun C. Ngawanohkeun D. ngajelaskeun

6. Sim kuring, pun Tantan, ti kelompok lima, nambahan. Rupina sanes kursus bae anu kedah diayakeun teh, tapi oge buku-buku kamus alit basa Sunda anu pangaosna mirah, sarta tiasa di peser dimana bae.

Kumandang anu didugikeun ku Tantan nyaeta ...

A. salian kursus, kudu ngayakeun kamus alit basa Sunda

B. nyadiakeun buku-buku anu hade

C. lamun aya pancen sok penting buku basa Sunda

D. kudu ngayakeun kursus basa Sunda

7. Naon nu di sebut biantara teh?

A. Nyarita harepeun balarea pikeun nepikeun hiji hal dina hiji acara

B. Nyarita di harepeun balarea pikeun nepikeun ajaran agama

C. Nyarita harepeun balarea salaku bagian tina acara

D. Nyarita harepeun balarea dina hajatan

8. Bagian-bagian dina biantara aya tilu, nyaeta saperti ieu di handap, *lwa!*....

A. Eusi

B. Panutup

C. Bubuka

D. Salam panutup

9. Pamungkas sakitu anu kapihatur, hatur sewu nuhun kana perhatosanna oge mugi-mugi wae naon anu di dugikeun ku sim kuring aya mangfaatna kanggo urang sadayana, bobo sapanon curang sapakan, luhur saur bahe carek, mugia kersa ngahapunteun.

Ungkara kalimah di luhur nyaeta mangrupa conto...

A. Bubuka biantara

C. Eusi biantara

B. Panutup biantara

D. Mamanis biantara

10. Biantara téh nya éta nyarita di hareupeun balaréa dina situasi nu resmi. Biantara pikeun mapag dina hiji acara disebut biantara pamapag, atawa biasana disebut...

A. Papatah

B. Weujangan

C. Sambutan

D. Guguritan

11. Pupuh téh kaasup wangun karya sastra....

A. Prosa

B. Puisi

C. Pantun

D. Prosa lirik

12. Budak ... mah dititah naon waé ogétara hésé.

A. Ceuli léntaheun

C. Hampang birit

B. Beurat birit

D. Biwir nyiru rombengeun

13. Imah-imah panggung mimiti lus-les laleungit. Harti "Lus-les" nyaeta ...

A. Euweuh

B. Aya

C. Hadir

D. Moncor

14. Naék Turuna Lagu Atawa luhur handapna sora disebut....

A. Lafal

B. Lentong

C. Volume

D. Réngkak

15. Sikep anu nulis rumpaka kawih nu karasa ku nu ngaregepkeun atawa nu maca, upama sedih, nalangsa, bungah kaasup kana ...

A. Tema

B. Nada

C. Rasa

D. Amanat

16. Siswa anu di tes maca gancang aya tilu puluh tilu urang.

Kalimah di luhur kaasup kana kalimah ...

A. Sifat

B. Bilangan tahapan

C. Bilangan

D. Kaayaan

17. Ungkara wangun kalimah atawa klausa anu susunanana geus matok sarta ngandung harti babandingan disebut ...

A. Paribasa

B. Gaya basa

C. Babasan

D. Basa-basi

18. Lalakon anu aya dina hiji carita disebut ...

A. Palaku/Tokoh

B. Galur

C. Latar

D. Tema

19. Siswa kelas 6 pada someah lamun papanggih jeung guru.

Kalimah di luhur kaasup kana kalimah ...

A. Sifat

B. Bilangan

C. Bilangan tahapan

D. Kaayaan

20. Sopi ngagaduhan sifat Amis Budi.

Amis Budi hartina ...

A. Hade akhlakna

B. Hade rarayna

C. Hade awakna

D. Hade turunanana

21. "Mani asa mobok manggih gorowong, keur mah hayang milu ari pék aya nu ngajak".

Paribasa mobok manggih gorowong dina kalimah di luhur ngandung harti ...

A. Boga kahayang tapi kahontal

B. Boga maksud tapi teu panggih pijalaneunan

C. Jalma nu teu boga kahayang

D. Boga maksud terus panggih pijalaneunana

22. Pa Guru nuju ... Sangkuriang

- A. Dongeng B. Dongengan C. Ngadongeng D. Dongengna

23. Teteh ... duit, abi ... buku

- A. Ngitung, miceun C. Ngaduruk, ngaduruk
B. Miceun, ngaduruk D. Ngitung, maca

24. Pek itung guru lagu jeung guru wilangan penggalan pupuh ieu di handap.

"Nagri urang katelahna Indonesia"

Guru lagu jeung guru wilangan dina penggalan pupuhna nyaeta...

- A. 12a B. 13a C. 7a D. 8a

25. Perhatikeun pupuh ieu di handap!

Utama jalma kudu rea ka batur

Keur silih tulungan

Silih titipkeun nya diri

Budi akal lantaran ti pada jalma

Guru lagu jeung guru wilangana nyaeta....

- A. 9a,8i,7a,12i B. 12u,6a,8i,12a C. 12i,12u,8a,8u D. 12a,8i,6a,12

26. Ringkesan ngeunaan hiji kagiatan, kaayaan, atawa hal naon wae anu geus ka alaman atawa kalaksanakeun, disebutna....

- A. Informasi B. Laporan C. Fakta D. Warta

27. Nu kaasup kana kecap sifat nyaeta....

- A. Ucing B. Tiung C. Ngewa D. Bageur

28. laporan kajadian aya rumusan nu di sebut rumusan warta nyaeta....

- A. 2W+1H B. 3W+2H C. 3H+2W D. 5W+1H

29. Cara nepikeun laporan atawa kagiata bisa ngaliwatan....

- A. Radio, TV, Internet C. Obrolan jalma
B. Media sosial D. Kabeh jawaban bener

30. Rek iraha indit ka bandung teh?

Kalimah di luhur kaasup kana kalimah....

- A. Pananya B. Panyeluk C. Wawaran D. Panyambung

31. Heug urang rek milu diijinan ku kolot kueing.

- A. Lamun B. Yen C. Sangkan D. Nu matak

32. Palaku anu mibanda watak alus disebut palaku....

- A. Antagonis
- B. Protagonis
- C. Simbiosis
- D. Religius

33. Paribasa Ulah biwir nyiru rombengeun miboba harti....

A. Ulah kabawa ku sakaba-kaba

B. Ulah sok resep nyieun masalah

C. Ulah sok resep nyaritakeun rusiah atawa kagorengan batur

D. Ulah mawa batur kana adat anu teu bener

34. Si Ujang jeung si Asep mah siga cai jeung minyak.

Paribasa siga cai jeung minyak diluhur miboga harti....

- A. Akur
- B. Teu bisa akur
- C. Teu sapamikiran
- D. Teu sajalan

35. Babasan Gede Hulu miboga harti....

- A. Hese di titah
- B. Babari di titah
- C. Sombong
- D. Koret/Medit

36. Budak teh bedegong geus di bejaan kukumaha ge, abong

Paribasa pikeun ngalengkepan titik-titik di lunhur nyaeta...

- A. Banda tatalang raga
- B. Adat ka kurung ku iga
- C. Kudu babalik pikir
- D. Bodo alewoh

37. Pakeman basa nyaeta salah sahiji....

- A. Kabeungharan basa sunda
- B. Kalimah
- C. Kecap
- D. Kajembaran basa

38. Babasan **Gindi Pikir Belang Bayah** miboga harti....

A. Tabeat mah hrsr di piceun atawa di robahna

B. Sombong

C. Goreng hate/resep nyilakakeun batur

D. Hese di titah

39. Radit mah teu milu ulangan semester 1 manehna geuring.

- A. Sanggeus
- C. Nyaeta

B. Nepika

D. Lantaran

40. di sebut oge idiom, asalna tina bahasa yunani idios anu ngandung harti khas, mandiri, khusus atau pribadi.

A. Kecap

C. Babasan

B. Pakeman basa

D. Paribasa

